



N AP VOYE YON DOKIMAN TAKS ENPÒTAN POU OU

Oumenm oswa yon fanmi ou te resevwa èd pou peye asirans sante nan ane 2022 lan epi ou bezwen fòm sa a pou reklamasyon taks federal ou

Ou menm oswa yon manm fanmi ou te resevwa èd pou peye plan sante ou te achte nan NY State of Health ane pase. Èd finansyè sa a te vini sou fòm yon kredi taks yo te bay "avan" ou te ranpli fòm taks ou — sa vle di, *lè ou te enskri nan plan sante ou*. Se poutèt sa, IRS mande w pou ranpli fòm IRS 8962 ansanm ak deklarasyon taks federal ou pou ou ka regle kont taks ou pou ane 2022. Ou ka jwenn Fòm 8962 nan www.irs.gov epi ou pral itilize Fòm 1095-A ki vini ak dokiman sa a pou ranpli li.

ÈD LA TE BAZE SOU REVNI OU

Montan avans sou kredi taks pou pèman asirans ou a te baze sou estimasyon revni fanmi ou ak enfòmasyon ki te disponib lè ou te enskri a. Lè ou ranpli fòm IRS 8962 a, total kredi taks pou pèman asirans ou pral baze sou vrè revni ou ak pri dezyèm plan ajan ki pi bon mache nan Konte ou abite a.

Si total kredi taks pou pèman asirans ou ki nan fòm IRS 8962 a pi piti pase avans pou kredi taks pou pèman asirans ou, ou ka oblije remèt enpe nan kredi taks la sou fòm plis taks oswa sou fòm yon ranbousman ki pi piti.

Si total kredi taks pou pèman asirans ou ki nan fòm IRS 8962 a plis pase avans pou kredi taks pou pèman asirans ou, ou ka jwenn plis èd finansyè sou fòm yon pi gwo ranbousman oswa sou fòm pi piti taks.

LI ENPÒTAN POU OU POU KONNEN...

POU KI SA OU KA JWENN LÒT FÒM YO

W ap resevwa yon Fòm 1095-A pou chak plan sante Bwonz, Ajan, Lò oswa Platin ou menm oswa yon manm fanmi ou te enskri pou li pandan 2022. Ou pral jwenn plis pase yon Fòm 1095-A si ou te gen chanjman nan asirans NY State of Health ou a pandan 2021. Yo pa voye Fòm 1095-A pou plan Katastwòfik oswa pou Medicaid, Child Health Plus, oswa pou Essential Plan paske plan sa yo pa kalifye pou kredi taks.

Anplis Fòm 1095-A, li posib pou ou jwenn lòt fòm taks enpòtan. Fòm sa yo se **Fòm 1095-B ak 1095-C**.

**POU KI SA OU
KA JWENN
LÒT FÒM
YO**
kontinye

Si ou menm oswa yon manm fanmi ou te enskri nan Medicaid, nan Child Health Plus, oswa nan Essential Plan nan New York nan yon moman nan ane 2022 lan, ou ka mande Fòm 1095-B ki sòti nan Depatman Sante Eta New York nan 1-800-541-2831. Si ou te enskri nan lòt tip asirans yo tankou Plan Katastwofik, Medicare Pati A oswa pati C, TRICARE, avantaj nan Depatman Afè Ansyen Militè (Department of Veterans Affairs) oswa sèten asirans sante patwon ou patwone – ou ap resevwa Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C lòt kote. NY State of Health bay Fòm 1095-A sèlman epi yo pa bay Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C.

**FASON POU
JWENN ÈD**

Si ou panse nou te fè yon erè sou Fòm 1095-A ou a, rele NY State of Health **san pèdi tan nan nimewo 1-855-766-7860** pou nou kapab korije dosye a.

Si ou gen kesyon sou Fòm 1095-A oswa sou kredi nan taks, **ale sou sitwèb <http://info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredit>, rele Depatman Sante nan New York nan 1-855-766-7860, oswa rele Liy Èd Defansè Sante Kominote (Community Health Advocate Helpline) nan nimewo 1-888-614-5400.**

Si ou gen yon kesyon konsènan fòm taks 1095-B oswa fòm 1095-C ou te ka resevwa, rele nimewo ki sou fòm sa yo.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 8962 oswa si ou gen lòt kesyon ki konsène taks, ale sou sitwèb **www.irs.gov**.

AVI KONSÈNAN RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON

Depatman Sante nan Eta Nouyòk respekte lwa federal anrapò ak dwa sivil ak lwa eta yo, epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi dorijin, kwayans / relijyon, sèks, laj, sitiyanon matrimonyal / sitiyanon fanmi, andikap, kondisyon ki gen rapò ak gwosès, dosye arestasyon, kondanasyon kriminèl (yo), idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik jenetik predispozan, kondisyon militè, viktim vyolans domestik ak / oswa vanjans.

Si ou panse NY State of Health fè diskriminasyon avèk ou, ou kapab depoze yon plent nan: www.health.ny.gov/regulations/discrimination_complaints/ oswa voye imèl bay Diversity Management Office nan DMO@health.ny.gov.

Ou ka depoze plent dwa sivil tou nan Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal, Biwo pou Dwa Sivil Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights) pa mwayen elektwonik nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/smartscreen/main.jsf> oswa pa lapòs oswa rele U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, SW, Room 509F, HHH Building, Washington, D.C. 20201; 1-800-368-1019 (TTY: 1-800-537-7697). Fòm pou plent yo disponib sou www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html.

Aranjman

NY State of Health ofri èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou kominike avèk nou byen, tankou:

- Telefòn tèks Telefòn (Text Telephone, TTY)atravè Sèvis Relè nan New York
- Si ou avèg oswa ou gen gwo pwoblèm vizyon epi ou bezwen avi yo oswa lòt materyèl ekri nan yon lòt fòm (gwo ekriti, odyo oswa done nan CD, oswa Braille), kontakte nou nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).

NY State of Health ofri sèvis asistans lang gratis tou pou moun Anglè pa lang natifnatal yo, tankou:

- Entèprèt kalifye
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo oswa pou plis enfòmasyon pou Aranjman ki Rezonab, tanpri rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).